**दिन–गुरूवार** **दिनांक–24.10.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्रीय रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव कहलनि अछि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ कैबिनेटक बैसार मे मिथिलांचल समेत उत्तर बिहार के पैंतालीस सय तिरपन करोड़क विभिन्न रेल परियोजना के स्वीकृति प्रदान कयलनि अछि। समस्तीपुर मंडलक रेल प्रबंधन कार्यालय मे वीडियो कॉन्फ्रेंसक माध्यम सँ पत्रकार लोकनि के ई जनतब दैत ओ कहलनि जे एकर अंतर्गत समस्तीपुर रेल मंडल मे करीब दू सय छप्पन किलोमीटर लाईन दोहरीकरण कयल जायत आ हाईस्पीड लाईन लगाओल जायत। ओ कहलनि जे परियोजनाक अंतर्गत नरकटियागंज–रक्सौ, सीतामढ़ी–दरभंगा, आ सीतामढ़ी–मुजफ्फरपुरक मध्य रेल लाईन बैसाओल जायत। एहि सँ नेपाल आ सीमावर्ती क्षेत्रक कनेक्टिविटी मजगूत होयत। अयोध्या सँ सीतामढ़ी धरि सेहो रेल लाईन बैसेबाक काज के केन्द्रीय मंत्रिमंडल मंजूरी दऽ देलक अछि।

---

प्रदेशक चारि विधानसभा क्षेत्र तरारी, बेलागंज, इमामगंज आ रामगढ़ मे उपचुनाव के लऽकऽ नामांकन प्रक्रिया मे तेजी आबि गेल अछि। काल्हि नामांकनक अंतिम तिथि अछि। हमर गया संवाददाता जनौलनि अछि जे आइ इमामगंज विधानसभा क्षेत्र सँ हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चाक प्रत्याशीक दीपा मांझी अपन नामांकन पत्र दाखिल कयलनि। एहि अवसर पर हुनका संग हम सरक्षक आ केन्द्रीय मंत्री जीतनराम मांझी उपस्थित छलाह। ओतहि, बेलागंज विधानसभा क्षेत्र सँ राजद प्रत्याशी विश्वनाथ कुमार सिंह आ जदयू प्रत्याशी मनोरमा देवी अपन नामांकनक पर्चा दाखिल कयलनि। रामगढ़ विधानसभा क्षेत्र सँ जन सुराज प्रत्याशी सुशील कुमार सिंह समेत तीन प्रत्याशी आइ अपन नामांकन कयलनि। नामांकन पत्रक जाँच अट्ठाईस अक्टूबर के होयत। जखनकि तीस अक्टूबर धरि प्रत्याशी अपन नाम वापस लऽ सकताह। मतदान तेरह नवंबर के होयत।

---

चक्रवाती तूफान दाना के आइ राति सँ काल्हि सवेर धरि उत्तरी ओडिशा आ पश्चिम बंगालक तटीय क्षेत्र सँ टकरेबाक आशंका अछि। एहि कारणे मौसम विभाग अगिला दू दिन धरि रेड अलर्ट जारी कयलक अछि। आकाशवाणी समाचार सँ गपशप मे मौसम विभागक महानिदेशक डॉक्टर मृत्युंजय महापात्रा कहलनि जे चक्रवात दाना उत्तर–पश्चिम दिस बढ़त आ भीषण चक्रवाती तूफान मे बदलि जायत।

———————————————————————

चक्रवाती तूफान दाना के प्रभाव सँ प्रदेशक दक्षिण–पूर्व भाग मे विभिन्न स्थान पर बरखा हेबाक परिस्थिति बनल अछि। मौसम विज्ञान केन्द्र पटनाक वैज्ञानिक जनौलनि जे राजधानी पटना समेत प्रदेशक उन्नैस जिला मे तूफानक आंशिक असरि पड़बाक संभावना अछि। एहि क्रम मे जमुई, बांका, मुंगेर, पूर्णियां, कटिहार, अररिया, किशनगंज आ सुपौल समेत विभिन्न जिला मे तीस सँ चालीस किलोमीटर प्रतिघंटाक गति सँ तेज हवा चलि सकैत अछि। विभाग एहि क्षेत्र सभ मे अन्हर–बरखा के लऽकऽ अलर्ट जारी कयलक अछि।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलनि अछि जे प्रदेशक विभिन्न भाग मे विकास योजना के समय पर पूरा कयल जायत। श्री कुमार आइ वीडियो कॉन्फ्रेंसक माध्यम सँ पंचायती राज विभागक विभिन्न योजनाक शिलान्यास आ लोकार्पण कयलनि। मार्च दू हजार पच्चीस धरि पंचायत सरकार भवनक निर्माण पूरा करबाक निर्देश देल गेल अछि। एहि क्रम मे दरभंगा जिला मे एक सय पन्द्रह पंचायत सरकार भवन, मधुबनी जिला मे पैंसठि पंचायत भवन बनबाक अछि। एकर अतिरिक्त शिवहर आ आनो जिला मे निर्मित पंचायत संसाधन केन्द्रक अतिरिक्त विभिन्न पंचायत मे स्थापित सोलर स्ट्रीट लाईटक लोकार्पण सेहो कयलनि।

———————————————————————

राष्ट्रीय लोक मोर्चाक प्रमुख उपेन्द्र कुशवाहा आइ जहानाबाद सँ अपन दोसर चरणक बिहार यात्रा शुरू कयलनि। एहि क्रम मे ओ दू हजार पच्चीस मे एनडीएक सरकार बनेबाक संकल्प दोहरबैत कहलनि जे बिहार मे उपचुनावक चारू सीट पर एनडीए प्रत्याशी जीतताह।

———————————————————————

आकाशवाणी समाचारक पूर्व महानिदेशक पी.के. बंद्योपाध्यायक काल्हि कोलकाता मे हृदयगति रूकि गेला सँ निधन भऽ गेलनि। भारतीय सूचना सेवाक पूर्व अधिकारी श्री बंद्योपाध्याय आकाशवाणी समाचार, प्रेस सूचना ब्यूरो आ सूचना तथा प्रसारण मंत्रालयक आनो मीडिया इकाई मे प्रतिष्ठित पद पर अपन योगदान देने छलाह।

---

बेगूसराय जिलाक वीरपुर थाना क्षेत्र अंतर्गत खरमौली गाम मे छापामारी कऽ पुलिस एक मिनीगन फैक्ट्रीक उद्भेदन करैत तीन देसी पिस्तौल आ कतेको अर्धनिर्मित हथियारक संग एक व्यक्ति के गिरफ्तार कयलक अछि।

---

दरभंगा जिलाक सिंहवाड़ा थाना अंतर्गत पेठिया गाछी मे पुलिस वाहन चेकिंगक क्रम मे दू अभियुक्त के एक सिक्सर आ आनो आपत्तिजनक समान संग गिरफ्तार कयलक अछि।

---

समाप्त